


Southeastern Live Well Center

Kesyon Moun Poze Souvan

LiveWellSD.org/centralregion



KISA YON SANDIEGO LIVE WELL CENTER YE?

Southeastern Live Well Center pral bay sèvis sante ak sèvis sosyal pou moun k ap viv nan kominote a nan yon sèl adrès santral. Misyon nou se pou kreye opòtinite pou sitwayen tout laj, sèks, ras/gwoup etnik ak nivo sosyo-ekonomik, pou reyalize vizyon *Live Well San Diego* pou yon rejyon k ap Bati Pi Bon Sante, k Ap Viv an Sekirite, epi k ap Devlope.

Pou kisa Konte a ap bati yon Live Well Center in Southeastern San Diego?

Sant medikal yo ki la kounye a ansyen, piti, lwen anpil epi yo pa gen ase pakin. Kòm repons pou demann pou pi bon aksè nan sèvis yo, Konte a envesti lajan nan yon sant medikal ki gen anpil sèvis epi ki ofri yon anviwònman chalere. Blding anpil etaj la pral bay patikilarite ki san danje , ki bon pou sante, ki adapte ak itil pou fanmi yo, epitou l ap gen anpil pakin pou kliyan yo.

REMAK KOMINOTE

Ki kèk egzanp Remak Komite sou Konsepsyon an nou pral mete nan Konsepsyon an pou pwojè Southeastern Live Well Center?

Men kèk egzanp remak kominote a nou mete nan konsepsyon pwojè a: yon jaden pou byennèt ak meditasyon; sant konferans ki mezire 4,000 pye kare nou kapab itilize pou espas reyinyon kominotè; yon espas deyò pou yon charyo kafe; yon espas travay espesyal pou òganizasyon kominotè yo , yon espas jwèt pou timoun nan zòn-atant Sant Resous Fanmi an; boza lokal ki reprezante istwa ak kilti kominote a; epi koneksyon chemen pou ale nan Chollas Creek istorik.

ENPAK EKONOMIK

Konbyen anplwaye ki pral travay nan Southeastern Live Well Center?

Apeprè 238 anplwaye.

Èske pwojè sa a pral kreye opòtinite pou jèn moun ak granmoun yo ki nan kominote a jwenn travay, angaje, nan pwogram aprantisaj, epi/oswa ofri estaj oswa ekstèna pou yo vin gen eksperyans?

PCL Construction te pran angajman pou depanse 10% nan valè kontra a nan biznis lokal yo ak nan anbochaj travayè lokal yo. Answit, pral gen anpil opòtinite aktivite pwojè a ap kreye pou bay kontra epi pou bay sou-kontra. Konte a pral òganize evènman sansibilizasyon pou asire kominote a vin okouran opòtinite pwojè a.

Southeastern Live Well Center

Kesyon Moun Poze Souvan

LiveWellSD.org/centralregion

Kijan konpayi yo ki enterese travay sou pwojè sa a ap swiv fiti opòtinite biznis yo?

Fiti opòtinite biznis yo pral afiche sou BuyNet, yon sitwèb konvèsasyonèl pou founisè ki enterese fè biznis avèk Konte San Diego. Depi ou enskri, konpayi ou pral resevwa avi ki baze sou machandiz pou nouvo demann ak chanjman nan demann yo, dapre Kòd Estanda Nasyonzini pou Pwodui ak Sèvis (kòd machandiz UNSPSC ki idantifye pwodui ak sèvis. Pou enskri biznis ou, tanpri ale sou sitwèb <https://buynet.sdcounty.ca.gov/>. Si ou gen kesyon oswa si ou bezwen asistans pou enskri, Kontakte Depatman Acha ak Kontra Konte a nan nimewo (858) 505-6367. PCL Construction pral òganize evènman sansibilizasyon pou biznis lokal yo ak sitwayen kominote a ki enterese jwenn plis enfòmasyon sou pwojè ak opòtinite posib yo. Pou jwenn lòt enfòmasyon epi pou nou mete ou nan pwochen lis soumisyonè yo, tanpri kontakte: SELWCO Outreach@pcl.com.

Èske pral gen opòtinite pou ti biznis yo biznis minoritè, biznis veteran ak/oswa biznis fanm posede pou yo patisipe nan kontra prensipal Konte a ap akòde a oswa pou yo fè konpetisyon pou kèk pòsyon pwojè a?

Wi, règleman Konte San Diego ankouraje Ti Biznis yo, Biznis Veteran Posede, Antrepriz Komèsyal Veteran Andikape Posede pou yo patisipe nan Kontra Konte ap akòde yo Biznis Fanm yo Posede ak biznis minoritè yo kalifye kòm yon pati nan opòtinite pou Ti Biznis yo. Pòsyon konstwiksyon pwojè a pral egzije kontraktè prensipal la pou bay sou-kontra omwen 3% travay la pou Antrepriz Komèsyal Veteran Andikape yo. Kòd California konsènan Kontra Piblik yo egzije pou tout kontraktè konstwiksyon yo divilge tout sou-kontraktè k ap fè travay, mendèv oswa biznis k ap bay sèvis pou kontraktè prensipal la pou kantite lajan ki depase 5% valè total kontra konstwiksyon an. Answit, nan pwosesis pwopozisyon yo pou pwojè a, Konte a pral mande posib kontraktè yo pou prezante plan yo pou angaje Ti Biznis yo, Biznis Veteran yo posede, ak Antrepriz Komèsyal Veteran Andikape yo posede. Konte a pral òganize tou evènman sansibilizasyon kominotè pou fè pwomosyon pou lòt opòtinite pwojè a kreye pou kontra ak sou-kontra yo.

Kijan pwojè sa a pral kontribiye nan rezilta edikasyonèl pandan anpil tan pou jèn yo nan kominote a?

Konte San Diego pral itilize Southeastern Live Well Center kòm yon kote pou travay avèk Gwoup Resous Anplwaye Konte (County Employee Resource Groups) ak patnè kominotè yo pou ofri sipò ak asistans pou jèn k ap viv nan katye yo pou gradyasyon nan lekòl segondè ak edikasyon yo apre lekòl segondè.

